



# kansè nan pwostat



yon gid pou gason ansanm ak fanmi yo

**Anpil gason** pa santi yo konfòtab pou pale konsènan sante yo, men li enpòtan pou fè tout sa ou kapab pou rete ansante, pou viv pi lontan, epi pou ka la pou fanmi w. Sa vle di pou pa itilize pwodui tabak, pou manje byen, fè egzèsis chak jou epi al kay doktè w regilyèman pou fè tyèkòp. Youn nan risk anpil gason rankontre se zafè kansè nan pwostat. Bwochi sa a pral ede w konprann plis bagay konsènan kansè nan pwostat, si w gen yon pi gwo risk pou vin devlope maladi a, epi si w ta dwe fè yon tès depistaj.

**Pi bonè yo detekte kansè nan pwostat, se plis tan ou pral genyen pou ka konsidere ki chwa tretman ou genyen, epi se pi bon chans ou genyen pou yon bon rezilta.**


**Rete ansante, fè yon tès depistaj, epi w ap ka la pou fanmi w.**

## Kesyon moun konn poze souvan

Ki sa pwostat la ye? .....	p. 2
Ki sa kansè nan pwostat ye? .....	p. 3
Ki kalite sentòm kansè nan pwostat bay? .....	p. 4
Èske kansè nan pwostat se yon bagay ki grav? .....	p. 6
Èske m gen risk pou m fè kansè nan pwostat? .....	p. 7
Èske m dwe fè yon tès depistaj pou kansè nan pwostat? .....	p. 8
Ki sa “tès depistaj” la ye? .....	p. 9
E si doktè m nan di m mwen bezwen fè plis tès? .....	p. 11
E si mwen aprann mwen fè kansè nan pwostat? .....	p. 12
Ki chwa tretman mwen genyen pou kansè nan pwostat? ....	p. 13
Ki efè segondè tretman sa yo ka bay? .....	p. 15
Ki kote mwen ka ale pou m fè yon tès depistaj gratis? .....	p. 16
Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon konsènan kansè nan pwostat? .....	p. 17

## Ki sa pwostat la ye?

**Pwostat la** se yon glann ki gwose yon nwa ki antoure kanal pipi yon gason – tib ki soti nan vesi a pou ale nan peni an pou moun nan ka pipi. Kòm ou ka wè nan foto a, w ap jwenn pwostat la devan rektòm lan epi anba vesi a. Pwostat la pwodui yon likid ki rankontre ak likid seminal la pou l transpòte espèm lè yon gason ap ejakile. Amezi gason yo ap vyeyi, anpil ladan yo vin devlope yon pwostat ki pi laj.



## Ki sa kansè nan pwostat ye?

**Kansè nan pwostat** kòmanse lè pwostat la kòmanse pwodui kèk selil ki pa nòmal. Selil sa yo ka fòme yon boul tisi yo rele yon timè, sa ki vin fè yon pati nan pwostat la vin pi laj. Si yo pa trete selil kansè sa yo, selil sa yo ka gaye al nan lòt pati nan kò a, epi sa ka lakoz maladi grav epi pafwa lanmò.



## Ki kalite siy oswa sentòm kansè nan pwostat bay?

**Anpil gason** pa gen ankenn sentòm kansè nan pwostat. Gen kèk sentòm kansè nan pwostat ki menm jan ak sentòm lòt maladi. Sentòm yo ka genyen ladan yo:

- Doulè pandan w ap fè sèks, oswa toudenkou ou paka fè sèks
- Ou santi doulè lè w ap pipi oswa ou santi li brile w lè w ap pipi
- Ou pipi souvan, espesyalman lèswa
- Pipi a vini ti gout pa ti gout
- Difikilte pou kòmanse pipi oswa pou sispann pipi
- Ou paka fè pipi
- Doulè san rete nan senti w, basen ou, oswa lenn

Si w santi nenpòt nan sentòm sa yo, rele doktè w lan.

**Sonje, gen anpil gason ki pa gen ankenn siy ak sentòm. Kidonk li enpòtan pou fè yon tès depistaj regilyèman, menm si w santi w ansante.**



**“Mwen kontan li te sousye l ase konsènan sante li ak fanmi li pou l te chèche fè yon tès pwostat.”**

**- Maria**

## Èske kansè nan pwostat se yon bagay ki grav?

**Ou dwe** toujou pran oserye zafè kansè nan pwostat.

Kansè nan pwostat kapab:

- Grandi lantman epi li ka pa janm vin reprezante yon menas pou lavi w

### OSWA

- Devlope bonè nan lavi w, grandi rapidman, epi gaye nan lòt pati kò a, apade pwostat la, epi vin koze maladi grav ak lanmò.

Ou dwe toujou diskite risk ak rezilta tèst depistaj pou kansè nan pwostat ou a avèk doktè w epi se sèlman aprè sa ou ta dwe pran yon desizyon sou fason ou ta vle atake pwoblèm nan.



## Èske m gen risk pou m fè kansè nan pwostat?

**Tout gason** gen risk pou yo devlope kansè nan pwostat amezi y ap vyeyi. Plis w ap avanse nan laj, se plis risk ou genyen pou devlope kansè nan pwostat. Nan laj 45 an, sèlman yon nan 2 500 gason fè kansè nan pwostat. Nan laj 75 an, apeprè yon nan 9 gason fè kansè nan pwostat.

Gen kèk gason ki gen plis risk pou yo devlope kansè nan pwostat. Gason sa yo se:

- **Gason ki gen fanmi yo ki fè kansè nan pwostat:** Gason kote papa yo, granpapa yo, frè yo, tonton yo, oswa pitit gason yo **ki te fè** kansè nan pwostat.
- **Gason ras afriken-ameriken:** Kansè nan pwostat de fwa pi komen nan gason ras afriken-ameriken pase nan gason ras blan. Li mwen komen nan gason panyòl, azyatik, ak ameriken endyen yo pase nan gason ras blan.

## Èske m dwe fè yon tès depistaj pou kansè nan pwostat?

**Ou dwe** pale ak yon doktè konsènan yon tès depistaj pou pwostat si:

- Ou se yon gason ki gen 50 an oswa plis
- Ou se yon gason ras afriken-ameriken ki gen 40 an oswa plis
- Ou gen moun nan fanmi w ki fè kansè nan pwostat epi ou gen 40 an oswa plis



## Ki sa “tès depistaj” la ye?

**Tès depistaj pou** kansè nan pwostat vle di se yon tès k ap chèche kèk siy maladi a. Tès depistaj la ede doktè yo detekte kansè nan pwostat bonè nan yon stad lè tretman ka pi efikas. **Lè yo detekte sa bonè sa pèmèt yo trete maladi a bonè epi ou gen plis chans pou siviv.**

Genyen de fason komen doktè yo fè yon tès depistaj pou kansè nan pwostat. Gen youn ladan yo ki rele tès **Antijèn Espesifik pou Pwostat** (*Prostate Specific Antigen - PSA*) epi lòt tès la se **Egzamen Rektal Dijital**. (*Digital Rectal Examination - DRE*). Dòdinè yo fè toulède tès sa yo pandan menm vizit la.

- **PSA oswa antijèn espesifik pou pwostat** se yon sibstans selil pwostat yo pwodui. Yo ka mezire nivo PSA a avèk yon analiz san. Yon nivo PSA ki wo ka endike maladi pwostat, ikonpri kansè nan pwostat. Kapab gen lòt rezon pou yon nivo PSA ki wo, tankou pa egzanp yon blesi, yon enfeksyon, oswa lòt faktè ki pa tèlman komen.

- **DRE oswa egzamen rektal dijital** se yon egzamen fizik senp nan glann pwostat la. Doktè a, avèk yon gan nan men l, foure yon dwèt li nan anis lan pou l ka santi pwostat la atravè pawa kolon an. Pandan egzamen an, doktè a pral kapab santi gwosè pwostat la epi jwenn ki zòn ki iregilye oswa ki pa nòmral.



## E si doktè m nan di m mwen bezwen fè plis tès?

**Sa pa vle di ou gen kansè pou sa.** Si tès DRE a oswa PSA a pa nòmal, doktè w lan ka rekòmande pou al wè yon iwològ. Yon iwològ se yon doktè ki espesyalize nan pwoblèm vwa irinè ak pwostat. Iwològ la ka vle fè kèk lòt tès. Kèk nan lòt tès sa yo ka gen ladan yo yon **iltrason** oswa yon **byopsi**.

- Souvan lè y ap fè yon **iltrason nan pwostat** doktè a foute yon ti sond rektal nan anis la pou l ka kreye yon foto pwostat la.
- **Yon byopsi** se yon pwosedè kote doktè a itilize yon ti zeguiy pou l ka pran yon echantiyon nan selil pwostat yo. Yo pral mete echantiyon an anba yon mikwoskòp pou chèche konnen si pa gen ankenn selil kansè.

**Anpil gason ki fè lòt tès sa yo pa fè kansè.**

## E si mwen aprann mwen fè kansè nan pwostat?

**Si doktè w lan** di w ou fè kansè nan pwostat, ou pral bezwen pale avèk li konsènan kèk chwa tretman ou genyen. Pandan diskisyon sa a, oumenm ak doktè w pral konsidere laj ou, si wi ou non kansè a te gentan gaye, epi eta sante w an jeneral.

Ou dwe aktif nan diskisyon yo avèk doktè w la lè se moman pou mande l kèk enfòmasyon, pou konprann ki chwa ou gen devan w, epi lè w ap pran desizyon sou tretman an.

Epitou li enpòtan anpil pou pale avèk fanmi w, yon zanmi ou fè konfyans, oswa yon manm klèje nan legliz ou konsènan maladi w la. Yo kapab yon gwo sous rekonfò ak sipò.

## Ki chwa tretman mwen genyen pou kansè nan pwostat?

**Genyen plizyè** diferan kalite tretman. Yo pi itil lè yo detekte kansè nan pwostat bonè epi kansè a pa gentan gaye nan ankenn lòt pati nan kò w apade glann pwostat la. Lis ki pral vin la a bay yon deskripsyon tou bref sou chak kalite tretman.

- **Atant siveye:** Doktè w lan pral siveye kansè nan pwostat ou a regilyèman lè l itilize tès PSA ak DRE.
- **Operasyon** (yo rele sa tou pwostatektomi radikal):  
Lè yo retire pwostat la.
- **Terapi radyasyon ekstèn:** Yo voye kèk reyon radyoaktif nan glann pwostat la ak ozanviwon glann lan aleksteryè kò a pou ka detwi selil kansè yo.
- **Terapi radyasyon entèn** (yo rele sa tou kiriterapi): Yo enplante “grenn” radyoaktif chirijikalman andedan glann pwostat la oswa toupre l pou ka detwi selil kansè yo.

- **Terapi òmòn:** Selil pwostat yo nòmalmalman bezwen òmòn mal pou yo ka grandi. Yo ka preskri medikaman ki bloke òmòn mal yo pou ede anpeche selil kansè nan pwostat yo grandi.
- **Kriyoterapi:** Yo mete yon kantite sond andedan oswa toupre pwostat la pou jele epi detwi selil kansè yo.

**Pi bonè yo detekte kansè nan pwostat, se plis chwa tretman ou pral genyen, epi ou pral gen meyè chans pou gen yon bon rezilta.**

## Ki efè segondè tretman sa yo ka bay?

**Chak tretman** ka genyen efè segondè. Efè sa yo ka enkli doulè, sèyman, dyare, enkapasite pou kontwole pipi, epi enkapasite pou rive gen yon ereksyon. Kèk gason gen efè segondè sa yo sèlman pandan yon ti tan. Gen lòt gason ki ka gen efè yo pandan pi lontan. Li enpòtan pou pale konsènan efè pozitif ak negatif chak tretman avèk doktè w lan anvan ou pran yon desizyon.



**“Mwen te siviv kansè nan pwostat, granmesi deteksyon ak tretman ki te fèt bonè.”**

**- Luis**

## Ki kote mwen ka ale pou m fè yon tès depistaj gratis?

**Tout gason ki elijib** ka resevwa yon tès depistaj gratis pou kansè nan pwostat nan Patenarya pou Sante Gason nan Depatman Lasante Piblik Leta Massachusetts. Tanpri rele **617-624-5070** oswa **pou malantandan yo: 617-624-5992** pou ka jwenn kote ki pi pre w Patenarya pou Sante Gason an ap fè tès depistaj.

Gason ki elijib pou yon tès depistaj gratis genyen ladan yo:

**1)** tout gason ki pa gen asirans medikal oswa ki pa gen ase asirans medikal, ki rezide nan leta Massachusetts, epi ki gen 50 an oswa plis

### **oswa**

**2)** tout gason ki pa gen asirans medikal oswa ki pa gen ase asirans medikal, ki rezide nan leta Massachusetts, epi ki gen 40 an oswa plis ki gen moun nan fanmi l ki fè kansè nan pwostat

### **oswa**

**3)** tout gason afriken-ameriken ki pa gen asirans medikal oswa ki pa gen ase asirans medikal, ki rezide nan leta Massachusetts, epi ki gen 40 an oswa plis.

## Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon konsènan kansè nan pwostat ?

- **Doktè w** oswa doktè regilie w
- Patenarya pou Sante Gason nan Depatman Lasante Piblik leta Massachusetts: **617-624-5070**;  
**Malantandan: 617-624-5992**
- Sosyete Ameriken pou Kansè: **1-800-227-2345** oswa **[www.cancer.org](http://www.cancer.org)**
- Sèvis pou Enfòmasyon sou Kansè nan Enstiti Nansyonal pou Kansè: **1-800-422-6237** oswa **[www.nci.nih.gov](http://www.nci.nih.gov)**

**Patenarya pou Sante Gason nan Depatman  
Lasante Piblik leta Massachusetts  
1-877-414-4447**



**CHÈCHE GEN SANTE.  
RETE ANSANTE.  
ANSANM.**

Yon pwodiksyon  
The Massachusetts Health Promotion Clearinghouse  
The Medical Foundation  
[www.maclearinghouse.com](http://www.maclearinghouse.com)

Design: [www.gatestudio.com](http://www.gatestudio.com)

Hatian Creole  
6/30/2007  
PC520

